

## Akò konsènan Modifikasyon Anviwònman (Environmental Modification, EMod), Modifikasyon Machin (Vehicle Modification, VMod) ak Teknoloji Adaptasyon ak Sipò (Adaptive and Assistive Technology, AAT) ant Patisipan/Paran/Moun k ap Bay Swen an pou Egzanpsyon Timoun

**Enstriksyon:** Li enfòmasyon sa yo epi asire w ke ou menm, antanke patisipan nan egzanpsyon an/paran/moun k ap bay swen an, ou dakò ak tout pwen ki anba yo lè w mete inisyal ou nan chak pwen epi ou siyen nan fen Seksyon I an pou montre ou dakò. Ranpli Seksyon II a sèlman si yon chanjman nan kontèks pwojè a nesesè apre ou te deja ranpli ak siyen Seksyon I an.

### SEKSYON 1

Non Patisipan an: \_\_\_\_\_ Dat Nesans: \_\_\_\_\_ Nimewo CIN: \_\_\_\_\_

Kategori Pwojè (Tcheke youn):  EMod  VMod  AAT

Nimewo Pwojè a: \_\_\_\_\_

- \_\_\_\_ Mwen dakò resevwa sèvis yo ofri yo \_\_\_\_\_ (Twalèt, Ranp, Fiksasyon pou Chèz Woulant, elatriye), jan yo endike nan evalyasyon ekri yo bay la, ki gen dat sou li \_\_\_\_\_, ki vini ansanm ak akò sa a.
- \_\_\_\_ Mwen te resevwa epi mwen te li yon kopi Fèy Enfòmasyon pou Patisipan/Paran/Moun k ap bay swen an konsènan EMod yo, VMod yo oswa AAT.
- \_\_\_\_ Mwen dakò kenbe kondisyon machin nan oswa zòn nan estrikti yo dwe modifye a jan li ye deja epi mwen pa pral fè okenn chanjman ki ka gen enpak sou pwojè a, apre mwen aksepte kontèks pwojè yo bay la.
- \_\_\_\_ Mwen konprann ke mwen pa gen pèmisyon oswa otorizasyon pou m fè chanjman oswa rezoud pwoblèm ki gen rapò ak pwojè a dirèkteman avèk kontraktè a/founisè a. Si gen nenpòt chanjman ki nesesè, mwen pral avize responsab swen mwen an.
- \_\_\_\_ Mwen konprann ke mwen gen dwa pou m mande yon revizyon nan kontèks EMod la, VMod la oswa AAT a. Si mwen mande plis pase yon revizyon, yo p ap konsidere revizyon adisyonèl yo epi yo ka rejte epi fèmen pwojè a.
- \_\_\_\_ Mwen konprann ke mwen responsab antretyen ak reparasyon nan EMod, VMod, oswa AAT yo epi sèten amelyorasyon/reparasyon ki nesesè sou plan medikal yo disponib sèlman sou yon baz endividiyèl avèk apwobasyon alavans Depatman Sante Eta New York (New York State Department of Health) la.
- \_\_\_\_ Mwen konprann ke yo bay EMod, VMod, oswa AAT sa a paske li nesesè sou plan medikal epi yo chwazi opsyon ki pi ekonomik la pou satisfè bezwen sa a. Si mwen mande nenpòt amelyorasyon nan materyèl yo, mwen pral responsab totalman pou nenpòt depans ki lye ak amelyorasyon sa yo, ki gen ladan depans pou materyèl, mendèv, elatriye. Se responsabilite m pou m fè aranjman pou yon akò peman separe ak founisè a, si sa nesesè, pou peman nenpòt demann modènizasyon. Nenpòt akò peman separe pou amelyorasyon pwojè a ant founisè ki chwazi a ak mwen menm p ap gen okenn enpak sou peman yon Sèvis Jesyon Finansye (Financial Management Service, FMS) fè alè bay founisè a oswa lè yo soumèt yon reklamasyon bay Medicaid Eta New York.
- \_\_\_\_ Mwen konprann ke mwen dwe kenbe yon kopi nenpòt garanti, si sa aplikab, familyarize m ak kontni li yo epi respekte kondisyon yo.
- \_\_\_\_ Mwen konprann ke mwen responsab pou mwen amelyore asirans kay mwen ak/oswa asirans machin mwen pou li enkli kouvèti ranplasman modifikasyon an, si sa aplikab.
- \_\_\_\_ Mwen konprann ke pandan y ap devlope oswa trete EMod, VMod, oswa AAT a, epi sikonstans patisipan an chanje (entène lopital oswa antre nan yon mezon retrèt, pèdi kalifikasyon pou Egzansyon, lanmò, elatriye); pwosesis pwojè a ka kanpe ak oswa fèmen.
- \_\_\_\_ Mwen konprann ke ni Depatman Sante Eta New York la ni Sèvis Jesyon Finansye (FMS) a pa responsab pou retire yon modifikasyon anviwònman ki enstale.
- \_\_\_\_ Mwen konprann ke ni Depatman Sante Eta New York la ni Sèvis Jesyon Finansye (FMS) a pa responsab finansyèman pou nenpòt domaj nan kay oswa machin yon patisipan apre modifikasyon an.

Non Patisipan an (Ekri ak lèt detache)	Siyati Patisipan an	Dat
Non Paran/Moun k ap bay swen an (Ekri ak lèt detache)	Siyati Paran/Moun k ap bay swen an	Dat
Pwopriyetè Kay/Machin (Ekri ak lèt detache) (Si li pa menm ak sa ki pi wo a)	Siyati Pwopriyetè Kay/Machin nan	Dat
Etablisman Swen Patisipan an		
Non HHCM/C-YES (Ekri ak lèt detache)	Siyati HHCM/C-YES	Dat

## SEKSYON 2: Pou Chanjman nan Kontèks Pwojè a Sèlman

Lè li obligatwa pou yo fè yon chanjman nan kontèks pwojè a apre w fin ranpli epi siyen Seksyon I ki pi wo a, mwen menm, antanke patisipan/paran/moun k ap bay swen an, mwen dwe mete inisyal mwen epi siyen anba a pou m endike mwen aksepte revizyon ki fèt nan kontèks pwojè a. Mwen konprann ke mwen gen dwa mande pou yo revize kontèks EMod la, VMod la oswa AAT a. Si mwen mande plis pase yon revizyon, yo pral rejte epi fèmen pwojè a.

Kategori Pwojè (Tcheke youn):  EMod  VMod  AAT

\_\_\_\_ Mwen dakò resevwa sèvis yo ofri yo \_\_\_\_\_ (Twalèt, Ranp, Fiksasyon pou Chèz Woulant, elatriye),  
jan yo endike nan evalyasyon ekri yo bay la, ki gen dat sou li \_\_\_\_\_, ki vini ansanm ak akò sa a.

<input type="text"/> <b>Non Patisipan an (Ekri ak lèt detache)</b>	<input type="text"/> <b>Siyati Patisipan an</b>	<input type="text"/> <b>Dat</b>
<input type="text"/> <b>Non Paran/Moun k ap bay swen an (Ekri ak lèt detache)</b>	<input type="text"/> <b>Siyati Paran/Moun k ap bay swen an</b>	<input type="text"/> <b>Dat</b>
<input type="text"/> <b>Non HHCM/C-YES (Ekri ak lèt detache)</b>	<input type="text"/> <b>Siyati HHCM/C-YES</b>	<input type="text"/> <b>Dat</b>